

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kaunggulan manusa sacara lengkep atawa berbakat biasana sok disebut jalma anu masagi magrupa orientasi tina étnopédagogi kasundaan. Biasana, ngancik dina diri jalma anu rancagé tur lengkep miboga loba pangalaman, boh pangalaman éksternal (*intelektual-aksional*) boh pangalaman batin (*spiritual*). Pikeun ngawujudkeun hal-hal éta, kudu dirojong ku sababaraha indikator anu nembongkeun jati diri manusa anu sagemblengna di antarana kasaluyuan antara kasadaran, pangaweruh, jeung kaonjoyan (tekad, ucap jeung lambah) nu didadasaran ku ajén-inajén budaya lokal dina ngalakonan kahirupan di masarakat.

Hiji jalma anu geus paripurna diantarana miboga pangalaman lahir jeung batin sarta ngaorientasikeun yén éta jalma bisa jadi manusa anu nyiptakeun catur jati diri insan jadi manusa unggul (Maung), nyaéta jalma anu pengkuh kana agama, luhung élmu, jembar budaya, jeung rancagé gawéna (Suryalaga, 2003, kc.77-78).

Kajadian anu aya diluhur bisa dipangaruhan ku ajén-inajén étnopédagogi dina prosés transisis kahirupan. Alwasiah (2009, kc. 50-51) nétélakeun yén étnopédagogi nyaéta praktik pendidikan anu dasarna kaarifan lokal dina sagala sistem saperti pangobatan, seni bela diri, lingkungan kahirupan masarakat, pertanian, ekonomi, pamarentahan, Js. Étnopédagogi nojo pangaweruh atawa kaarifan lokal jadi sumber inovasi jeung kaonjoyan nu bisa diberdayakeun sangkan masarakat sejahtera. Kartadinata (2011, kc.11-12) nétélakeun yén manpaat tina ajén kahirupan étnopédagogi diantarana atikan, kaagamaan, moral jeung sosial. Lian ti éta étnopédagogi didadasaran ku ajén-inajén budaya nu disaklekkeun dina hiji masarakat, organisasi, nu engkena jadi kabiasaan, kapercayaan, simbol, karakteristik anu bisa dibedakeun hiji jeung nu lianan sarta jadi patokan perilaku pikeun jadi sawangan kana naon wae anu keur karandapan.

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina karya sastra, hal-hal anu aya diluhur téh biasana sok dicaritakeun deui ngaliwatan hiji carita nu geus di bungkus dina wangun karya sastra. Karya sastra mangrupa gambaran kahirupan anu saenyana. Karya sastra raket pisan patalina jeung kahirupan di masarakat. Hiji karya sastra silih pangaruhan antara sastra hiji jeung anu lianna, patalina jeung kahirupan anu kaalaman atawa kaimpleng dina situasi anu sarua (Éndaswara,2016, kc.2).

Sastra mangrupa karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa (Isnéndés 2010, kc. 11) sarta karya sastra nu mangrupa karya seni diciptakeun pikeun ngolah unsur kaendahan. Isnéndés (2010, kc. 10) nétélakeun yén eusi tina karya sastra mangrupa pangalaman sarta sagala imajinasi nu karandapan ku pangarang. Dina kahirupan, karya sastra ogé mangrupa fénoména kamanusaan anu *kompleks* tur nepi ka jadi hiji hal anu pikaresepeun pikeun dipikanyaho pamaca. Bisa dicindekeun yén sastra téh mangrupa sarana pikeun pangarang ngainterpretasikeun pangalaman kahirupan kana hiji karya. Sanajan sok ditambahan ku diksi-diksi anu ngandung harti fiksi, tapi eta karya kaimpleng tur kagambar tina pangalaman kahirupan anu saenyanna. Ku ayana karya sastra urang bisa apal kana kahirupan jaman baheula anu kagambar dina karya. Jadi, dina hiji karya sastra bisa kacaritakeun hiji sajarah anu patalina jeung kahirupan nu saenyana.

Karya sastra nu dimaksud diluhur nya éta karya sastra dina wangun roman. Nurutkeun Iskandarwassid (2003, kc. 130) nétélakeun roman atawa *romance* nyaéta asalna mah miboga harti karya anu ditulis dina basa Prancis, anu asalna tina dialék basa Roman, Latén. Asalna mah roman ditulis dina wangun puisi, tapi dina mangsa kiwari ditulis dina wangun prosa. Anu satuluyna roman ngandung harti novel anu ngolah téma asmara sarta ngalalana (Iskandarwassid, 2003, kc. 131).

Nyoko kana pedaran di luhur, Stanton (2012) nyébutkeun yén unsur pangwangun novel dibagi jadi tilu bagian, nyaéta téma, fakta carita (alur, tokoh/palaku, jeung latar), jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa, Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

suasana, simbol-simbol, imaji jeung judul). Bisa dicindekeun, salahsahiji cara pikeun ngainterpretasiken jeung ngaimplementasikeun hiji karya miboga unsur pangwangun anu sagemblengna bisa dilarapkeun dina karya sastra roman atawa novel.

Salah saurang pangarang roman bersambung taun 60'an nu produktif tur onjoy nyaéta Olla Saléh Sumarnaputra. Dina nyiptakeun sarta ngaékprésikeun karyana. Olla Saléh Sumarnaputra sok didadasaran ku pangalaman jeung pangaweruh dirina, diantarana nu patali jeung sajarah. Éta hal katitén tina karyana anu ngagambarkeun kaayaan karajaan-karajaan dina mangsa harita.

Dumasar kana tulisan di luhur, panalungtik boga pamikiran pikeun ngulik roman sajarah anu judulna *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra make ulikan struktural jeung étnopédagogi. Ulikan étnopédagogi lantaran ajén-ajén budaya dina roman sajarah anu judulna *Rangga Maléla* miboga dasar budaya lokal dina widang pangobatan, seni bela diri, lingkungan kahirupan masarakat, pertanian, ekonomi, pamarentahan.

Roman sajarah *Rangga Maléla* mangrupa roman sajarah nu ngirut pikeun ditalungtik ngeunaan kahirupan tanah sunda di abad ka opatwelas, dibeulah wetan nu harita geus aya karajaan gedé anu ngawujud nagara-nagara gabungan turta anu puseur dayeuhna di Galuh.

Karya sastra anu dijadikeun sumber panalungtikan téh nyaéta wangun roman sajarah. Roman atawa novel mangrupa salasahiji média pangarang dina nembrakkeun gagasan katut karya imajinatifna dina wangun tulisan. Roman anu dijadikeun sumber dina ieu panalungtikan téh nyaéta Roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra.

Lalampahan *Rangga Maléla* dina éta roman, bisa dijadikeun eunteung kahirupan tur ditalungtik tina jihat struktural jeung étnopédagogi. Pikeun nganalisis eta pasualan bisa diteuleuman ti mimiti ajén-inajén, eusi jeung struktur nu nyangkaruk dina éta roman. Sangkan masarakat téh mikawanoh kana kahirupan alam Sunda baheula anu aya dina éta roman. Nurutkeun Suryadi (2017, Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kc. 89) yén roman Sunda klasik, bisa méré gambaran ngeunaan masarakat Sunda. Salian ti éta, salaku roman sajarah anu latarna dina kahirupan masarakat Sunda jaman baheula, sarta dibarung ku struktur pamaréntahan anu aristokrat, ieu novel téh ngandung ajén-ajén étnopédagogi anu luhung.

Di jurusan basa Sunda nu nalungtik sastra tina ulikan struktural geus rea, aya anu nalungtik carpon, drama, roman atawa novél. Conto judul panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung étnopédagogi di antarana Resti Pandani (2015) Babandingan Carita Drama Anteh jeung Dongeng Nini Anteh Pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas VII (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik). Nurul Rahmi (2016) Naskah Gending Karesmen Si Ujang jeung Doraemon Karya Wahyu Wibisana (Ulikan Struktural jeung Etnopédagogik), Serli Novita Sari (2015) Novel Teu Pegat Asih (Tarjamahan Moh. Ambri) Pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra di SMA (Ulikan Struktural jeung Ajén Moral), Tanti Astorini (2015) Ajen Atikan Karakter dina Novel Den Anggor jeung Putri Monyet Karangan Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik), Danan Darajat (2016) Karakteristik Kapamimpinan Sunda dina Novel Sejarah Mantri Jero Karya R. Memed Sastrahadiprawira (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik).

Tina sababaraha panalungtikan anu geus disebutkeun di luhur sarua ngagunakeun ulikan struktural jeung etnopedagogik dina karya sastra. Dina ieu panalungtikan nyoko kana teori Robert Stanton dina Isnéndés (2010, kc. 92) anu ngajelaskeun yén karya fiksi unsur-unsurna nu ditambahan ku unsur pamohalan nu nyangkaruk dina roman diwangun ku téma carita, fakta carita (alur tokoh latar), sarana carita. Nurutkeun Isnéndés (2018, ke. 78) ieu sistem dihartikeun salaku unsur pangwangun karya sastra nu kastrukturasi dina basa.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho ajén-inajén étnopédagogi anu nyangkaruk dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina paélmuan anu aya patalina jeung kasusastraan ogé étnopédagogi.

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Patalina jeung éta hal perlu ayana panalungtikan ngeunaan ajén-inajén étnopédagogi pikeun ngajembarkeun kajian karya sastra Sunda. Ieu panalungtikan baris maluruh struktur pangwangun nu aya dina roman sajarah *Rangga Maléla*, sarta ajén-inajén nu aya dina ieu roman. Judul ieu panalungtikan nyaéta *Roman Rangga Maléla Karya Olla S. Sumarnaputra (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)*.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ieu panalungtikan medar roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra ngagunakeun pamarekan strukturalisme Robért Stanton, anu satuluyna medar ngeunaan ajén étnopédagogi nu nyangkaruk dina éta roman.

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Karya sastra wangun puisi jeung prosa miboga unsur pangwangun, roman mangrupa karya sastra nu diwangun ku sababaraha unsur, di antarana téma, fakta carita jeung sarana-sarana pangwangun;
- 2) karya sastra anu dijadikeun bahan panalungtikan nyaéta dina wangun roman sajarah. Roman atawa novel mangrupa salasihiji wangun karya sastra prosa anu midangkeun carita jeung miboga unsur-unsur pangwangun.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu dipedar, aya sababaraha rumusan masalah anu nyangkaruk dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita kayaning téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar) jeung sarana sastra (judul jeung puseur sawangan) dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra?
- 2) Kumaha ajén étnopédagogi anu aya dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra?

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah anu dipedar saacanna, ieu panalungtikan teh miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta ngaguar jeung maluruh ngeunaan struktur jeung ajén étnopédagogi anu nyangkaruk dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita nu nyangkaruk dina roman sajarah *Rangga Maléla* kayaning téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar) jeung sarana sastra (judul jeung puseur sawangan);
- 2) ajén étnopédagogi dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan teh kabagi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat nyaéta pikeun kamekaran élmu sastra jeung nambahan pangaweruh anu maca sangkan bisa jadi sumber ngeunaan élmu sastra hususna nu patali jeung ajén étnopédagogi dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan kayaning ieu di handap.

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa mikaweruh ajén étnopédagogi dina karya sastra Sunda sarta miboga pangalaman dina nganalisis roman sajarah nu aya patalina jeung struktural sarta ajén étnopédagogi;
- 2) Pikeun lembaga atikan, hasil ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun dijadikeun sumber nu aya patalina jeung struktural sarta ajén étnopédagogi dina karya sastra;
- 3) Pikeun masarakat, hasil ieu panalungtikan bisa méré informasi ngeunaan roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, ngarah leuwih jéntré baris dipedar di handap ieu.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori anu patali jeung bahan panalungtikan, nu ngawengku tiori roman atawa novel, tiori struktural, tiori étnopédagogi, jeung tiori anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Lian ti éta, ogé dipedar panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, désain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung téhnik ngolah data, instrumen ngumpulkeun jeung ngolah data, sarta data jeung sumber data panalungtikan.

Bab IV eusina ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan, medar déskripsi, prak-prakan, jeung hasil data panalungtikan ngeunaan struktural jeung étnopédagogi dina roman sajarah *Rangga Maléla* karya Olla Saléh Sumarnaputra.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dilaksanakeun, sarta harepanna ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.

Azi Sastrawan, 2021

ROMAN RANGGA MALÉLA KARYA OLLA S. SUMARNAPUTRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu